

HUTARIRI NEBASA



Chidzidzo 11 cha
Gunzana 12, 2026


"Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu,
Jesu Kristu, kuti kunyange akanga
akafuma, wakava murombo nokuda
kwenyu, kuti imi novurombo bgake muve
vafumi." (2 VaKorinte 8:9)



Hutariri inzira iyo munhu anobata nayo zvinhu zvakaiswa pasi pehutariri hwake.

Kana tichitarisa tsamba yechipiri yaPauro kuvaKorinte, pfungwa yehutariri inoreva chironywa ichi chaiva nemuapostora: chekuti masangano evaHedheni aunganidze mari yekubatsira sangano rekuJerusarema, iyo yaiva munguva yakaoma zvikuru.

VaKorinte vakanga vatozvipira kubatsira, uye nguva yakanga yava kusvika yekuti vashandure kuzvipira ikoko kuita chiito. Masangano ekuMakedhoniya akanga atotangawo kutora chikamu. Pauro akanga asingatarisi huwandu hwemari yacho, asi ainyanya kutarisa mafungiro nechido zvavaizoratidzwa nevatendi pakuita basa iri, senzira yekupindura nyasha dzavakanga vagamuchira.



Kwakatangira basa rehutariri:



Muenzaniso waJesu



Mhinduro kunyasha dzakagamuchirwa



Ungaite hutariri sei:



Kuronga zvakanaka



Mafungiro akakodzera



Migumisiro yehutariri:



Kubatana kwesangano





**KWAKATANGIRA BASA
REHUTARIRI**

MUENZANISO WAJESU

**"Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu, Jesu Kristu, kuti kunyange akanga akafuma, wakava murombo nokuda kwenyu, kuti imi novurombo bgake muve vafumi."
(2 VaKorinte 8:9)**

Hukamai huripo pakati penyasha dzaMwari nerupo? (2 VaKo. 8:1-2)

Mwari akapa nyasha dzake kumasangano eMacedonia, uye "zakawanza zikuru kusanyima kwawo" (2 VaKorinte 8:2). Uye idzi ndidzo nyasha dzaJesu kwavari, uye kwatiri isu:



Uye akaita izvozvo zvose nekuda kwerudo rwake kwatiri! (Johani 15:13; VaEfeso 5:2; VaGaratia 2:20 ; 1 Johani 3:16).

How will we respond to the grace of Jesus? "Makangopiwa henyu, cingopai henyu" (Mt. 10:8).

**kunyange akanga akafuma, wakava murombo
(2 VaKorinte 8:9)**



Akasiya Denga kuti agare Pasi pano



Akasiya kutonga zvose kuti ave muvezi



Akasiya nzvimbo yakachengeteka kuti agare munharaunda yemuvengi



Akachinjanisa korona yohumambo nekorona yeminzwa



MHINDURO KUNYASHA DZAKAGAMUCHIRWA

"havana-kuita sezatakafunga bedzi, asi ibo vakatanga kuzipa kunaShe, nokwatiri,
nokuda kwaMnjari" (2 VaKorinte 8:5)

Cherechedza maitiro evaMakedhoniya pakutambira nyasha:



Vakagamuchira nyasha
dzaJesu(2 VaKo. 8:9)

Vakazvipa kuna Jesu(2
VaKo. 8:5)



Vakakumbira nemoyo wese mukana
wekubatsira vamwe(2 VaKo. 8:4)

Muhurombo hwavo, vakapa
zvinopfura kugona kwavo(2 VaKo.
8:2-3)

Izvi zvinotidzidzisei?

Kutenda nyasha
dzaMwari(2 VaKo. 9:15)

Jesu akapa zvese nekuda kwedu.
Kutenda kwedu kunoratidzwa nechido
chekuzvipa zvizere kwaAri

Chido chekugoverana
makomborero aMwari(2
VaKo. 9:11a)

Tinopa vamwe nekuti isu takatanga
kugamuchira kubva kuna Mwari

Rudo rwechokwadi
(2 VaKo. 8:24)

Rupo humbowo hwekuti rudo
runogara mumoyo yedu





UNGAITE HUTARIRI SEI


KURONGA ZVAKANAKA

"Mumhe nomumhe ngaaite sezaakafunga pamoyo; arege kuita nokucema, kana nokurovererwa; nokuti Mhari unoda munhu unopa nomufaro." (2 VaKorinte 9:7)

Hurongwa hwakanga hwataurwa naPauro kwaiva hwekuunganidza chipo chakakosha kubva kumasangano ekuMakedhoniya nekuAkaya (dunhu raiva neguta reKorinte) kuitira kubatsira kereke yekuJerusarema (VaRoma 15:26).

Apo muapostora akapa pfungwa yacho kuKorose gore rakatangira iroro, yakagamuchirwa nemufaro mukuru, kunyange zvazvo pasina zvinangwa zvakananga zvakanga zvatarwa panguva iyoyo (2 VaKorinte 9:1-2). Zvisinei, nhengo imwe neimwe yakasarudza mumoyo mayo kupa mari yakatarwa (2 VaKo. 9:7a).

Pakuronga nezvechipo, mhuri imwe neimwe inofanira kuzviongorora yozvigadzirira zvinangwa zvinogoneka, zvichienderana nemamiriro ayo ezvemari



Imwe pfungwa iri muchirongwa chaPauro ndeyekuti havafaniri kumirira kusvika panguva yekupa zvose kamwe chete, asi vanofanira kuisa parutivi mari shoma vhiki rega rega kusvika vasvika pachiyero chakarongwa (1 VaKo.16:2). Nenzira iyi, kana Pauro asvika, mari yose yakaunganidzwa inogona kuunganidzwa nemufaro (2 VaKo.9:3-5)

MAFUNGIRO AKAKODZERA

"Nokuti ndinopupura, kuti vakapa nokuda kwavo pavakagona napo, kunyange kupfuvura pavakagona napo"
(2 VaKorinte 8:3)

Kuti akurudzire vaKorose kuva norupo, Pauro anovapa muenzaniso weMakedhonia. Mumasangano iwayo, hama dzakanga dzaratidza chimiro chendangariro chakafanira uye chomuenzaniso mukupa mipiro yadzo, nokuti dzaipa...

nomufaro
(2 VaKo. 8:2a)

Vakafara kuti vaigona kupa

nokusanyima
(2 VaKo. 8:2b)

Hurombo hwavo hwakanga husiri chipingaidzo

Nokuda kwadzo
(2 VaKo. 8:3)

Vakazviita nokuzvidira uye vasingazvifungiri

semukana wakakosha
(2 VaKo. 8:4)

Chiito ichi chakavabvumidza kuratidza rudo rwavo kuna Mwari nekusangano

Chiito chekuzvipa kunaShe
(2 VaKo. 8:5)

Kuzvipira kwake kuna Mwari kwakaita kuti azvipirewo kune vamwe





MIGUMISIRO YEHUTARIRI

KUBATANA KWESANGANO

**"Nokuti kushumira kwokubatsira uku hakuzadzisi kushaiwa kwavatsene bedzi, asi kunowanisa vo kuvonga kunaMhari."
(2 VaKorinte 9:12)**

Mupiro wakaendeswa kuJerusarema waiva nemimwe miuyo yakanaka (2 VaKo. 9:12).

VaJudha nevasiri vaJudha vaibatanidzwa nehukama hwerubatsiro nekuonga (VaRoma 15:26-27). Nenzira iyi, chinangwa chikuru chemuapostora chakazadziswa: kubatana musangano.



Local Church

**Conference/
Mission/
Union**

Division

**General
Conference**

Chimwe chinhu chakanaka ndechekuti nzira iyo chipo chacho chakabatwa nayo ine chidzidzo chakakosha kwatiri nhasi: zvinhu zvese zvinofanira kuitwa nenzira yakarongeka uye zvichitevedzera maitiro akakodzera.

Pauro akagadza Tito kuti atungamirire basa rekuunganidza zvipo, uye masangano akasarudza hama dzekumubatsira pabasa iri (2 VaKorinte 8:16-24). Pakanga pasina imwe nzira yakakodzera yekuunganidza nekutumira chipo ichi kuJerusarema.

“Basa raMwari rinofanira kutsigirwa nezvegumi nezvipo nemipiro. Ishe vava kuda kushandiswa kwezviwanikwa zvavakapa kuvatariri vavo kuti vazvitarisire. [...]

Ishe Jesu haadi chinhu kubva kuvateveri vake kupfuura zvaakaita iye pachake. Avo vanozviramba uye kuzvipira nokuda kwebasa raMwari vari kungotevera muenzaniso Wake. Akabvisa nguo yake yohumambo nekorona yohumambo, ndokuburuka pachigaro chake chepamusoro chehutongi. Akava murombo, kuitira kuti kuburikidza nohurombo Hwake, isu tiwane pfuma inogara nekusingaperi. Haana kungopa pfuma Yake chete, asi akapa hupenyu Hwake pachake mukuzviramba nokuzvipira, kuitira kuti abvise chipingaidzo chipi zvacho kune avo vanotsvaka kupinda muhumambo hwaMwari.

[...] Ishe Jesu anotidana kuti tive vashandi pamwe chete Nave. Ndiye muridzi wezvinhu zvose zvatiinazvo uye Ane kodzero nazvo. Kuburikidza nekuda kwedu kubatsira mubasa Rake, tinogona kuratidza rudo rwedu kwaAri.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo